



Pwosedì pou Doleyan CareerSource South Florida (CSSF) ak Enfòmasyon pou Trètman Plent kont Diskriminasyon nan Tout Eta a

Entwodiksyon a Plent ak Doleyan

Selon 20 CFR 667.600 la, chak zòn lokal, eta ak moun kap resevwa lajan selon Tit I WIOA a dwe etabli epi kenbe yon pwosesis pou doleyans ak plent. Depatman Opòtinite Ekonomik la (DEO: Department of Economic Opportunity) responsab pou mete anplas règleman nan zòn kote ki genyen devlopman mendèv (workforce development), tranzisyon asistans sosyal (welfare transition), konpansasyon pou chomaj (unemployment compensation), enfòmasyon sou mache travay la (labor market information), aprantisaj prekòs (early learning) ak Preparasyon pou lekòl (school readiness). Kòd Administratif Florida, Chapit 60BB-1, òdone pou mete anplas pwosedì pou doleyans ak odisyon pou plent selon tranzisyon asistans sosyal (WT: Welfare Transition), Lwa Opòtinite Envestisman Mendèv (WIOA: Workforce Investment Opportunity Act), Pwogram Èd pou Ajisteman Komès (TAA: the Trade Adjustment Assistance), Pwogram Èd pou Nitrisyon Siplemanchè (SNAP: Supplemental Nutrition Assistance Program) ak/oswa Pwogram Wagner-Payser (WP), ki pwoteste kont yon vyolasyon dwa patisipan yo.

Antanke kliyan/aplikan/patisipan/pati ki enterese, ou gen dwa pou depoze yon plent pou enjistis oswa diskriminasyon si ou santi yo te trete w nan fason ki pa jis nan nenpòt pwogram mendèv ki sipèvizè pa CSSF. Yo te ba w yon kopi Pwosedì pou Doleyan sa yo epi fè w konnen kòman pou jwenn yon kopi Pwosedì Trètman Plent kont Diskriminasyon nan Tout Eta a. Yo te mande w tou pou siyen yon **Akize Resepsyon Pwosedì pou Doleyan yo (Atachman 2)**

Tanpri pran nòt ke mo “doleyan” lan ak pwosedì sa yo pa konsène ka ki enplike yon diskriminasyon posib. Gade Seksyon VI ki anba a, pou yon deskripsyon pwosedì ki aplike pou plent kont diskriminasyon yo.

PWOSEDI

Pwosedì pou Doleyan CareerSource South Florida yo ta dwe prè epi disponib nan yon fason ki vizib nan resepsyon chak sant (center) pou tout kliyan kap vizite Sant lan.

CSSF a sèvi kòm antite administratif epi fiskal pou pwogram WIOA, TAA, SNAP ak WT yo. Si ou genyen yon doleyans ki soti nan yon pwogram yon patnè sèvis CSSF a ofri, CSSF ap eseye rezoud afè a nan yon fason ki pa fòmèl. Si afè a pa ka rezoud, yo te adopte pwosedì sa yo pou ba ou yon pwosesis pou w soumèt doleyans ou. **PREMYE** etap la se eseye rezoud doleyans lan ak Konseye Karyè ou a (Career Advisor), Avoka a oswa siperyè imedyà a(yo). Si ou pa satisfè de rezilta yo, ou ka kontakte Inite Sèvis Kliyan an (Customer Service Unit) nan (305) 594-7615 (vwa) oswa (305) 470-5529 TTY/TDD.

Seksyon sa bay pwosedì ofisyèl pou depoze epi trete doleyans kont yon anplwaye, règleman, WT, SNAP, TAA oswa pwogram WIOA Tit I, ke CSSF a jere. Sa se responsablite tout patnè pwogram WT, TAA ak/oswa WIOA Tit I ak Patnè Sèvis pou etabli yon klima kote yo ka prezante, diskite epi fè konsiderasyon ki jis epi apwopriye pou pwoblèm yon anplwaye, yon moun kap chèche travay, yon kliyan, yon aplikan, oswa yon pati ki enterese. Pwosedì sa yo bay rezolisyon ki rapid epi ki jis kont doleyans sa yo. Konfidansyalite doleyans lan ak aksyon ki dekoule yo dwe pwoteje.

I. Dolemans Pwosedri sa yo Vize

A. Pwosedri sa yo vize a aplikan/kliyan/patisipan/pati ki enterese ki site anba yo:

1. Moun kap chèche travay ke yo te refize aksè nan yon sèvis entansif oswa fòmasyon WIOA pou rezon ki pa lòt ke diskriminasyon ilegal.
2. Patisipan Pwogram WT yo te refize yon sèvis edikasyon, fòmasyon oswa sipò, oswa demand pou menm sèvis sa yo te retade, oswa sèvis edikasyon, fòmasyon oswa sipò te chanje, diminye oswa anile pou rezon ki pa lòt ke diskriminasyon ilegal. Patisipan Pwogram WT yo te refize yon demand pou ekstansyon oswa pwolongasyon oswa eganpsyon pou difilte apati dat limit lalwa te preskri a pou rezon ki pa lòt ke diskriminasyon ilegal.
3. Patisipan nan pwogram Anbochman & Fòmasyon Refijye (RETP: Refugee Employment & Training Program) yo te refize yon opòtinite pou edikasyon, sipò fòmasyon, oswa travay pou rezon ki pa lòt ke diskriminasyon ilegal.
4. Moun ki resevwa sèvis sipò SNAP yo te refize ranbousman pou sèvis sipò yo a pou rezon ki pa lòt ke diskriminasyon ilegal.
5. Tout pati ki enterese ki te afekte negativman pa yon desizyon oswa yon aksyon Sistèm CSSF a, ki enkli desizyon Patnè Sèvis yo bay nan kad WT, TAA oswa pwogram WIOA Tit I an ke CSSF a jere, pou rezon ki pa lòt ke diskriminasyon ilegal.

CSSF a bay moun kap chèche travay yo aksè nan pwogram ak sèvis lòt Eta yo, ajans lokal ak òganizasyon yo dirije epi jere, . Si ou gen yon dolemans konsènan pwogram ak sèvis yonn nan patnè enplante menm kote (tankou DEO, Depatman Timoun & Fanmi (Department of Children & Families), Konpayi ki Anpwaye Moun, Konpansasyon pou Chomaj, Ansyen Militè, elatriye), ou ka dwe trete dolemans ou a selon règleman ak pwosedri ki anplas pou òganizasyon oswa antite sa. Ou dwe apwoche responsab pwogram patnè ke ou ta vle pote plent kont li a oswa mande Konseye Karyè (Career Advisor) ou a idantifye vrè pwogram patnè a.

B. Ou ka depoze yon dolemans si:

1. Ou gen yon dolemans konsènan yon pwogram CSSF a dirije, si ou santi yo te vyole dwa w oswa ou kwè ou te afekte negativman pa rapò a yon pwogram CSSF a dirije pou rezon ki pa lòt ke diskriminasyon ilegal.
2. Ou anrejistre oswa enskri nan yon pwogram selon WIOA oswa WT e ou te mande yon sèvis oswa yon avantaj nan yon pwogram e yo te refize w sèvis oswa avantaj la an antye oswa anpati, swa ak yon avi ekri oubyen non, pou rezon ki pa lòt ke diskriminasyon ilegal.
3. Ou se yon moun ki nan Fòmasyon pou Travay, Eksperyans Pwofesyonèl Peye (PWE : Paid Work Experience), Fòmasyon sou Mezi, oswa lòt Patnè Fòmasyon (konfòmeman ak WIOA Tit I oswa TAA) yon kliyan kalifikasyon li te refize oswa anile enjisteman pa yon Operatè Sant pou rezon ki pa lòt ke diskriminasyon ilegal.
4. Ou se yon patisipan (konfòmeman ak WIOA Tit I oswa TAA) e yo te sanksyone w pou itilizasyon yon sibstans ki sou kontwòl pou rezon ki pa lòt ke diskriminasyon ilegal.
5. Ou se yon anpwaye nòmal oswa yon patisipan nan pwogram WIOA, TAA, WT, oswa SNAP, yon patisipan nan pwogram WIOA, TAA, WT oswa SNAP te deplase pou rezon ki pa lòt ke diskriminasyon ilegal.
6. Ou se yon patnè Sant oswa yon patnè sèvis selon WIOA, TAA, WT e ou te afekte negativman pa sistèm Sant CSSF a pou rezon ki pa lòt ke diskriminasyon ilegal.

7. Ou se yon patisipan WT ke yo te sanksyone enjisteman paske w pa respekte aktivite travay pou rezon ki pa lòt ke diskriminasyon ilegal.
8. Nenpòt lè CSSF, oswa yon patnè sèvis CSSF sipèvize, pran yon desizyon ki afekte sèvis sipò, edikasyon, fòmasyon, oswa plasman nan aktivite travay ou a, ou ka pote plent kont desizyon an atravè pwosesis enfòmèl ak/oswa fòmèl ki dekri pi ba a.

II. Dolemans Pwosedi sa yo Pa Vize

A. Pwogram WIOA, TAA, SNAP ak WT yo pa pwogram Prestasyon. Sa vle di, menm si ou sanble ak deskripsyon moun ki ka kalifye pou resevwa sèvis nan pwogram sa yo, yo toujou ka refize w aksè nan pwogram nan oswa refize w yon sèvis patikilye ke yo otorize selon règleman pwogram nan. Yo pa konsidere sa kòm yon vyolasyon lalwa. Sa ka rive paske:

1. Rejyon an ka pa gen fon ki sifizan pou enskri w oswa nenpòt lòt patisipan nan yon pwogram oswa ba ou oswa nenpòt lòt patisipan yon sèvis nan moman ou aplike a oswa ou bezwen sèvis la. Si Konsèy Rejyonal la, Eta Florida oswa gouvènman Federal la enpoze yon blokaj nan finansman pwogram nan, pa gen pou okenn motif pou ta depoze yon plent fòmèl. Ou ka jwenn yon kopi aksyon blokaj lokal, eta, oswa federal ki aplikab pou finansman sa yo sou demand.
2. Zòn lokal yo fleksib pou yo chwazi kalite ak ki melanj sèvis pou yo ofri nan lokalite yo a. Desizyon sa yo pran lokalman pa konsèy administrasyon yo pou CSSF. Konsèy administrasyon CSSF yo ka te deside pa ofri yon benefis oswa yon avantaj patikilye. Nan sikonstans sa yo pa gen pou okenn motif pou ta ka depoze yon plent. Ou ka jwenn yon kopi règleman ki aplikab la sou demand.
3. Selon WIOA gen egzijans pou kalifikasyon yo ak kritè ki priyorite yo. Moun kap chèche sèvis men ki pa reponn a kondisyon oswa kritè ki priyorite a, pa ka jwenn sèvis nan fon sa yo. Yo ka ba w kritè priyorite a sou demand. Si ou pa konteste paske ou pa reponn a kondisyon pou kalifikasyon oswa kritè ki priyorite, ou pa gen motif pou yon doleyans fòmèl. Si w swete montre ke ou reponn a kritè ki aplikab la, ou ka depoze yon doleyans fòmèl.
4. Konsèy Mendèv Lokal yo fleksib pou yo enpoze egzijans oswa pou devlope règleman ak pwosedib ki aplikab pou pwogram ak sèvis yo. Yon règleman ki te adopte ka limite aksè nan yon pwogram oswa sèvis oswa ka limite disponiblite pwogram oswa sèvis la. Nan sikonstans sa yo, pa gen pou okenn motif pou ta depoze yon doleyans fòmèl. Ou ka jwenn yon kopi règleman ki aplikab la sou demand.

Nòt: Si yo refiz w sèvis pou yonn nan rezon ki site yo, ou ka toujou swiv pwosedi pou doleyans enfòmèl yo preskri yo, men ou pa gen dwa a yon odyans devan yon Ofisye Odyans.

- B.** 20 CFR 667.630 la dekri pwosesis pou repòte plent ak/oswa repòte fwod oswa abi kriminèl. Plent/rapò yo dwe repòte imedyatman bay USDOL (U.S. Department of Labor) Office of Inspector General, Office of Investigations, Room S5514, 200 Constitution Avenue NW, Washington, D. C. 20210.

Ou ka voye plent oswa rapò a tou nan:

USDOL South East Regional Inspector General for Investigations, Office of Investigations, Sam Nunn Atlanta Federal Center, 61 Forsyth Street, SW, Suite 6T1, Atlanta, Georgia 30303 ak yon kopi pou bay an menm tan a Administrasyon Travay ak Fòmasyon (Employment and Training Administration).

Rapò ak plent kap pwoteste kont fwod oswa abi kriminèl ka repòte tou atravè liy ijans USDOL la nan 1-800-347-3756 (vwa) oswa 800-877-8339 (Sèvis Relè Federal) -- pou TTY/TDD).

- C.** Si ou se yon patisipan nan Tranzisyon Asistans Sosyal (Welfare Transition) epi kalifikasyon w pou asistans an likid TANF, oswa benefis an likid kupon alimentè, oswa Medicaid te diminye oswa te anile, e ou pa dakò ak mezi yo pran kont ou a, men ou pa kwè yo te pran mezi a pou rezon diskriminasyon ilegal, ou dwe depoze yon doleyans nan Biwo Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families Office) lokal la. Responsab ka ou a (Case Manager) ka ede pou oryante w a bon ajans lan e li ka ba w adrès ak nimewo telefòn nan.
- D.** Si ou se yon patisipan nan SNAP epi kalifikasyon w pou kupon alimentè, oswa benefis ou gen dwa pou yo a te diminye oswa te anile, e ou pa dakò ak mezi ki pran kont ou a, men ou pa kwè yo te pran mezi a pou rezon diskriminasyon ilegal, ou dwe depoze yon doleyans nan Biwo Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families Office) lokal la. Responsab ka ou a (Case Manager) ka ede pou oryante w a bon ajans lan e li ka ba w adrès ak nimewo telefòn nan.
- E.** Si ou te afekte negativman pa yo desizyon DEO a te pran oswa yon antite administratif Eta a akòz patisipasyon w nan Pwogram WT oswa pwogram WIOA Tit I, ki jere pa CSSF, men ou panse yo pat pran desizyon an oswa mezi a pou rezon diskriminasyon ilegal, ou dwe depoze yon doleyans nan nivo Eta a. Si ou depoze doleyans lan nan CSSF, ajans lan ap ekspedye doleyans ou a bay antite ki apwopriye a pou fè aksyon. Antite a dwe genyen swasant (60) jou pou l jere doleyans lan. Peyòd swasant peryòd(60) jounen an ap kòmanse lè yo resevwa doleyans lan.
- F.** Si ou se yon patisipan nan Pwogram WT e ou gen yon doleyans ki gen rapò ak aktivite travay ki finanse pa TANF, Egzijans pou Plan Derechanj (Alternate Plan Requirements), sèvis sipò, pwogram reyabilitasyon ak lòt fonksyon mendèd ki ranpli selon WIOA a, men ou pa kwè ke mezi ki te pran kont ou a se pou rezon diskriminasyon ilegal, ou dwe depoze doleyans ou a nan DEO.
- G.** CSSF pa fè odosyon plent ki gen rapò ak diskriminasyon, ak sante ak sekirite. Pou enfòmasyon sou kisa pou w fè si w kwè ke ou gen yon plent ki gen rapò ak diskriminasyon, ak/oswa sante ak sekirite, tanpri refere w a .

III. Pwosedi pou Rezolisyon Enfòmèl

- A.** Jeneralman se fason ki pi avantaj pou w jwenn yon solisyon. Li rekòmande pou w eseye rezoud doleyans ou a nan fason ki enfòmèl la avan. Pwosesis enfòmèl la fèt an kat (4) etap. Men si nempòt lè pandan pwosesis sa ou panse ke ou pat jwenn yon solisyon ki satisfèzan, ou ka mande yon odyans fòmèl.

- B.** Si w se yon patisipan e ou vle pouswiv pwosesis doleyans enfòmèl la, alò swiv pwosesis sa:
1. Poze pwoblèm nan ak Responsab Ka/ ou a.
 2. Si pwoblèm nan pa rezoud, ou ka mande yon rankont ak Responsab Ka Anchèf la. Responsab Ka Anchèf la (Lead Case Manager) dwe rankontre w nan vennkat (24) èdtan oswa jou biznis ki vini aprè a si gen yon wikenn oswa yon jou ferye ki separe.
 3. Si rankont ak Responsab Ka Anchèf la (Lead Case Manager) pa bay yon solisyon ki satisfèzan, ou ka mande yon rankont ak Responsab Sant a (Center Manager). Rankont sa ap fikse oswa fèt nan twa (3) jou travay apre demand ou a te resevwa pou w ka rankontre Responsab Sant a (Center Manager). Responsab Ka Anchèf la (Lead Case Manager) ap planifye rankont sa.
 4. Si pwoblèm nan toujou pa rezoud, oswa si ou vle sote etap 1, 2 ak 3, a lè sa a ou gen dwa al depoze yon demand pou w rankontre ak yon reprezantan nan Inite Sèvis Kliyan CSSF a lè w ranpli Fòm Doleyan Ekri a.
- C.** Pou w ka depoze yon demand ekri pou yon Fòm Rankont pou Solisyon Enfòmèl, tanpri ranpli **Fòm Doleyan Ekri a, Attachman 1**. Asire w ke w ranpli kantite enfòmasyon yo mande a, ki enkli enfòmasyon kontak pou yo ka jwenn ou pou fikse randevou a. Ou ka jwenn fòm nan tou nan Biwo Egzekitif Mendèv Florida yo (South Florida Workforce's Executive Offices) nan 7300 Corporate Center Drive, Suite 500, Miami, Florida 33126-1234 oswa nan nenpòt Sant (Centers) nan Miami-Dade ak pwovens Monroe ki site sou sit entènèt CareerSource South Florida nan www.careersourcesfl.com oswa ou ka itilize yon fèy papye 8 ½ x 11 fòma lèt epi mete kantite enfòmasyon ki site anba yo jan w kapab:
1. Tout Doleyan yo dwe soumèt pa ekri.
 2. Tout doleyans yo dwe genyen siyati ak dat.
 3. Tout doleyans yo dwe genyen non w, adrès kontak ou, ak yon nimewo telefòn kontak.
 4. Demand ou soumèt la dwe siyen pa moun ki depoze doleyans lan oswa reprezantan l, e li dwe yon orijinal si posib. Si wap fakse doleyans lan, asire w ke w voye orijinal la senk (5) jou apre faks la.
 5. Tout doleyans yo dwe genyen yon deklarasyon konsènan lwa ou panse ki vyole a ak/oswa pou rezon ou panse ou gen dwa a sèvis la oswa benefis ki te refize, retade, diminye, chanje oswa anile a.
 6. Doleyan ou a dwe deklare solisyon wap chèche a.
 7. Doleyan yo pa dwe pi long ke senk (5) paj, ki pa enkli dokiman oswa atachman ou vle Ofisye Odyans lan revize yo.
 8. Si ou genyen yon enfimite ki egzije yon akomodasyon, oswa si ou se yon moun ki pa pale Anglè e ou bezwen yon entèprèt, ajoute yon deklarasyon lè w ekri akomodasyon ou bezwen an ansanm ak doleyans lan. CSSF ap eseye fè akomodasyon ki rezonab yo.

Ou ka livre men nan men, fakse oswa voye pa lapòs Fòm Doleyans Ekri a bay:

CareerSource South Florida
Attn: Customer Service Unit
7300 Corporate Center Drive, Suite 500
Miami, FL 33126-1234
Fax: (305) 470-5519

Nòt: Tanpri pa fè demand ou a pa telefòn. Tout Doleyans yo dwe soumèt pa ekri. Yo dwe pran yon desizyon swasant (60) jou apre Doleyans Ekri a te depoze.

Yap fikse oswa fè yon rankont enfòmèl ak Inite Sèvis Kliyan an (Customer Service Unit) twa (3) jou biznis apre yo resevwa Fòm Doleyans Ekri a, oswa si ajans la pa ka kontakte w, twa (3) jou biznis apre dat yo jwenn ou an.

Si pwoblèm nan(yo) rezoud a nenpòt moman nan rankont enfòmèl ak Inite Sèvis Kliyan an (Customer Service Unit), yap pwodwi yon akò ekri e yap mande tout moun pou siyen l. Sa ap mete fen fòmèlman a doleyans ou a.

IV. Pwosedi pou Doleyans Fòmèl

Si pwoblèm nan pa rezoud atravè rankont enfòmèl ak Inite Sèvis Kliyan an (Customer Service Unit) e ou toujou vle pouswiv doleyans ou a, yap mande w siyen yon demand pou yon odyans fòmèl pa Inite Sèvis Kliyan an.

A. Lè w siyen yon demand pou odyans fòmèl:

1. Inite Sèvis Kliyan an (Customer Service Unit) ap mete yon so ak dat imedyatman sou fòm demand odyans fòmèl la epi ekspedye l bay Ofisye Opòtinite Egal (EOO: Equal Opportunity Officer) CSSF la. EOO kontinye pwosesis la pou chwazi yon Ofisye Odyans, planifye dat ak lè evenman odyans fòmèl la, epi avize pati ki konsène yo pa yon avi ekri.
2. Yap voye yon avi ekri ba ou ak Reprezantan ou a, si w gen yonn, pou enfòmè w dat odyans ou a, ansanm ak lè a epi kote odyans lan ap fèt. Odyans lan ap fèt nan Biwo Egzekitif CSSF a, amwenke ou mande, pa ekri pou odyans lan fèt nan Sant ou a.
3. Yon desizyon ekri ap soti trantsenk (35) jou apre dat Ofisye Odyans lan te resevwa demand pou odyans lan .
4. Yap voye avi odyans lan pa kourye sètifye, retounen resi a omwen kenz (15) jou sivil avan dat odyans lan.
5. Si wap patisipe nan yon pwogram nan moman wap depoze doleyans ou a, sèvis ou resevwa a pap afekte pa depozisyon doleyans lan.

B. Avi a ap enfòmè w de sa ki swiv la:

1. Dat, lè ak kote odyans lan ap fèt ak enstriksyon sou kijan ou ka mande akomodasyon ou bezwen ki enkli yon entèprèt, ki pap koute w anyen;
2. Seksyon ki konsène WIOA, TAA, WT oswa SNAP oswa nenpòt lot règleman federal, lwa pwogram, règ, oswa politik ki enplike;
3. Dwa w pou prezante temwen epi mande pou pèsònèl, konseye w, responsab ka ak/oswa sipèvizè a oswa lòt kontraktè oswa pèsònèl ou ta renmen poze kesyon oswa ke ou ta renmen ofisye odyans lan tandè temwanyaj yo, pou parèt nan odyans lan. CSSF ap fè sa l kapab pou asire l ke kontraktè oswa pèsònèl ou mande pou prezan nan odyans lan parèt nan dat randevou a. Men, temwen, pèsònèl, konseye ou a, responsab ka ak/oswa sipèvizè a pa bezwen prezan pou Ofisye Odyans lan emèt yon desizyon.

4. Dwa w pou w gen yon lòt moun, yon avoka oswa yon lòt reprezantan ke w dezinye pou reprezante w nan odyans lan oswa pou pale pou ou nan odyans lan ki enkli entèwogasyon pèsònèl ki enplike nan desizyon defavorab ki afekte w la;
5. Dwa w pou jwenn yon kopi dosye w oswa lòt dokiman ki lye ke ou panse ki ta ka ede ka ou a, san peye. CSSF pap bay kopi lwa a men lap ba w yon kopi règleman CSSF a oswa règleman kontraktè a ki fè objè litij la si ou mande e ou pat ko resevwa yon kopi;
6. Dwa w pou prezante dokiman prèv, temwanyaj ak agiman pou sipòte pozisyon w nan odisyon an ak pou entewoje temwen yo;
7. Dwa Ofisye Odyans lan pou rejte doleyans lan si ou menm oswa reprezantan ou a pa parèt nan odyans lan san rezon valab;
8. Ke Ofisye Odyans lan ap pwosede a odyans lan nan fason enfòmèl, epi lap pran yon desizyon ki baze sou fè yo ak prèv jan li prezante a.
9. Ofisye Odyans lan ap decide temwanyaj ak evidans ki admisib;
10. Ke yon desizyon ekri ap livre nan swasant (60) jou sivil apre resepsyon doleyans ekri ou a;
11. Ki kote e kijan ou ka fè apèl kont desizyon an si ou pa dakò ak rezilta a;
12. Ke pati yo (ou menm ak CSSF) ka dakò pou yon ekstansyon peryòd swasant (60) jounen si yonn nan pati yo bezwen plis tan epi lòt pati a dakò;
13. Ke CSSF fè aranjman alavans pou anrejistre, transkri oubyen otreman prezève dewoulman odyans lan e ke yap ba ou yon kopi anrejistremman an (tep) san peye jiska prezantasyon bezwen pou yon transkrip odyans lan. Chak pati ki dezire yon kopi transkrip la dwe peye pou transkrip la. Moun ki endijan ka swiv pwosedi ki prezante nan Atik F.A.C 60BB-1007 (4) ak (5) la pou jwenn yon transkrip san peye; epi
14. Ke si ou pwoteste kont yon vyolasyon nòm travay, ou ka soumèt doleyans pou oblije abitraj si akò negosyasyon kolektiv ki aplikab la pèmèt itilizasyon pwosedi sa.

V. Apèl pou Odyans

A. Ou ka fè apèl nan DEO si:

1. Yon odyans te fèt e yonn nan pati yo pa satisfè oubyen te afekte negativman pa desizyon Ofisye Odision an;
2. Si yon odyans pat fèt nan swasant (60) jou sivil apre resepsyon doleyans lan; oswa
3. Si yo te fè yon odyans, men yo pat emèt yon desizyon nan peryòd swasant (60) jounen sivil ki obligatwa a.

B. Apèl la dwe brèf (si posib, pa depase senk (5) paj ki pa enkli dokiman ak atachman) e dwe voye pa kourye sètifye, retounen resi a nan DEO Office of General Counsel, Caldwell Building, MSC 110, 107 East Madison Street, Tallahassee, FL 32399-4128.

C. Nan limit ki posib, demand apèl la dwe deklare fè, lwa, pwosedi, elatriye, ke doleyans lan kwè ki enpòtan pou revizyon. Apèl la dwe depoze nan DEO nan trant (30) jou sivil apre resepsyon desizyon Ofisye Odyans lan oswa nan trant (30) jou sivil apre dire 60-jou sivil ki egazije pou CSSF ka aji a ekoule. Demand lan dwe genyen ladan l adrès plenyan an kote yap voye avi ofisyèl yo.

D. Eta a ka ranvwaye doleyans lan bay CSSF pou fè yon odyans oswa enpoze lòt solisyon pou rezoud doleyans lan.

- E. Selon règleman WIOA, 20 CFR Atik 667.610, si RWB Eta a pat emèt yon desizyon sou yon ka ki pa trete alegasyon diskriminasyon ilegal nan dire 60 jou sivil ki egzije a, plenyan an ka fè apèl a USDOL. Apèl la dwe depoze nan USDOL pa pi ta ke 120 jou sivil apre depozisyon doleyans lan nan Eta a, owa depozisyon apre pou doleyans lokal nan Eta a. Yo dwe bay yon kopi apèl la an menm tan a Administratè Rejyonal ki apwopriye a ak pati opoze a. Demand Revizyon/Apèl dwe soumèt pa kourye sètifye, retounen resi a nan: Secretary, U.S. Department of Labor, Washington, D.C. 20210, Attention ASET.

VI. Plent ki Gen Rapò ak Diskriminasyon oswa Sante ak Sekirite

A. Diskriminasyon

Pwosedri plent pou chaj diskriminasyon separe epi yo diferan de pwosedri doleyans ki soulinye lòt kote nan dokiman sa. Nenpòt moun ka depoze yon plent pou pwoteste kont diskriminasyon, ki enkli (men ki pa limite) nenpòt anplwaye, aplikan pou travay, kliyan oswa yon Sant (Center), Operatè Sant, moun kap bay fòmasyon, oswa lòt pwogram oswa aktivite ki ofri atravè Sistèm Sant a, ki santi, oswa nenpòt “klas moun” anpatikilye (gwoup moun), ki te sibi diskriminasyon ilegal pa yon pwogram oswa aktivite ki ofri atravè (sistèm sant a (center system), oswa pa DEO oswa CSSF. Diskriminasyon sou baz ras, koulè, enfimite, relijyon, sèks, nasyonalite, orijin, laj, sityasyon matrimonyal, afilyasyon politik, patisipasyon nan nenpòt pwogram oswa aktivite WIOA Tit I an ede finansyèman, oswa sou baz sitwayènte oswa sityasyon kòm yon imigran ki admi legalman ki otorize pou travay Ozetazini, entèdi selon lwa federal ak/oswa eta.

CSSF pa fè odisyon plent kont diskriminasyon nan nivo lokal. Si ou kwè ke ou menm, oswa yon moun ou konnen te sibi diskriminasyon ilegal, tanpri refere w a Pwosedri Tretman Plent kont Diskriminasyon nan Tout Eta a. Ou ka jwenn Pwosedri sa yo sou sit entènèt DEO a nan:

<http://www.floridajobs.org/office-directory/office-for-civil-rights/about-our-services/methods-of-administration/element-8-discrimination-complaint-processing-procedures>

Ou ka aksede a plis enfòmasyon konsènan dwa w ak responsablite ki gen rapò ak kont-diskriminasyon ak opòtinite egal

http://www.floridajobs.org/civilrights/ocr_complaint.html

Sonje Konseye Karyè (Career Advisor) CSSF ou a ka ede w idantifye bon ajans oswa departman pou w adrese demand ak plent konsènan afè diskriminasyon ou yo.

B. Pwoblèm Sante ak Sekirite

Nòm sou sante ak sekirite ki te etabli selon lwa Federal ak/oswa Eta ki aplike a kondisyon travay anplwaye yo, aplikab tou pou patisipan pwogram ak aktivite sele WIOA Title I, ak patisipan nan aktivite anbochman. **CSSF pa fè odisyon plent ki gen rapò ak sante ak sekirite.** Si ou gen yon plent ki gen rapò ak afè sante oswa sekirite, ou ka depoze yon plent nan:

Department of Economic Opportunity
Office of General Counsel
Caldwell Building, MSC 110
107 East Madison Street
Tallahassee, Florida 32399-4128
(850) 245-7150
Florida Relay Service: 711

Ou ka depoze yon plent pou sante ak sekirite tou nan:

U.S. Department of Labor
Occupational Safety and Health Administration
200 Constitution Avenue, N.W.

Washington, D.C. 20210
<http://www.osha.gov/as/opa/worker/index.html>
1-800-321-OSHA (6742) (voice) or
TTY 1-877-889-5627

ENPÒTAN: Si ou depoze plent pou sante ak sekirite ou a nan Depatman Travay Ameriken an (U.S. Department of Labor), ou dwe voye yon kopi plent lan tou nan DEO nan adrès ki anlè a.

Pou plis enfòmasyon konsènan pwoblèm sante ak sekirite, ou ka ale sou sit Entènèt Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl la (Occupational Safety and Health Administration) nan <http://www.osha.gov> oswa sit Entènèt Depatman Sante Florida a (Florida Department of Health) nan <http://www.doh.state.fl.us>.

Fòm ki atache yo

Fòm Dolemans Ekri

Tcheke yonn sèlman:

- Lwa sou Plasman Mendèv (WIOA:Workforce Investment Opportunity Act)
- Pwogram Tranzisyon Asistans Sosyal (Welfare Transition Program)
- Pwogram pou Travay ak Fòmasyon Refijye (Refugee Employment and Training Program)
- Lòt (dekri l): _____

Enfòmasyon sou Patisipan		
Siyati	Non:	
Nimewo Sekirite Sosyal: <i>Gade nòt ki nan tèt paj sa.</i>	Adrès:	Vil/Kòd Postal:
Telefòn : ()	Lòt Telefòn : ()	
Sant/Ajans/Organizasyon :	Adrès Sant/Ajans :	
Telefòn: ()	Konseye Ka/:	
Tanpri eksplike poukisa ou ta renmen yon Rankont pou Solisyon Enfòmèl:		
Voye Fòm nan Pa Lapòs Nan:		
CareerSource South Florida (CSSF) 7300 Corporate Center Drive, Suite 500 <u>Attention: Customer Service Unit</u> Miami, FL 33126-1232		
Si ou gen kesyon oswa ou ta renmen pale ak yon Repezantan Sèvis Kliyan (305) 594-7615 (vwa) oswa Florida Relay Service: 711		
POU UTILIZASYON BIWO A SÈLMAN		
Repezantan Sèvis Kliyan (Non Enprime):	Dat Demand Rankont pou Solisyon Enfòmèl la te Resevwa: / /	
Siyati	Rankont pou Solisyon Enfòmèl la te Fèt? W N	
PATISIPANN		
Rankont pou Solisyon Enfòmèl sa TE rezoud pwoblèm mwen yo: W N		
Rankont pou Solisyon Enfòmèl sa PAT rezoud pwoblèm mwen(yo), e mwen mande yon Odyans FÒMÈL : W N		
Siyati Patisipan/Dat:	Siyati Repezantan Sèvis Kliyan/Dat: Dat li Ekspedye bay E.O. Offisye: / /	

Nòt:

Deklarasyon Konfidansyalite Devwalman nimewo sekirite sosyal ou volontè. Li mande konfòmeman a atik 119.071(5)(a)2, *Lwa Florida*. Nimewo sekirite sosyal ou ap itilize sèlman pou idantifikasyon kliyan.

Akize Resepsyon Pwosedì Doleyans yo

Nòt pou: CareerSource South Florida Responsab Ka Patnè Sèvis (Service Partner Case Manager)

Tanpri ranpli fòm sa ansanm ak patisipan ou a. Mete orijinal la nan dosye patisipan an. Ou ka bay yon kopi a patisipan an.

Mwen sètifye ke mwen te resevwa yon kopi Pwosedì Doleyans CareerSource South Florida Grievance Procedures).

Non Patisipan an (Enprime)

Siyati Patisipan

Dat: